




Enskri jodia avèk 3 etap byen fasil

Etap 1: Ale nan nyc.gov/SummerRising

- Klike sou lyen pòtal sou enskripsyon Summer Rising lan. →
- Tout elèv Vil Nouyòk ki kounye a nan klas K-8 (ane lekòl 2021-2022) elijib.
- Anlè adwat, w ap wè opsyon pou tradui aplikasyon an.
- Si w bezwen èd pou jwenn aksè nan entènèt, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.



Etap 2: Antre enfòmasyon w

- Mete adrès imèl ou pou nou ka voye yon konfimasyon pou ou pou yon plas. Si w pa gen yon adrès imèl, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.
- Si pitit ou a nan lekòl leta, antre nimewo ID elèv li a ki gen 9 chif la. Ou ka jwenn nimewo sa a nan kanè pitit ou a oswa lè w kontakte lekòl ou a.

Etap 3: Chwazi yon lokal Summer Rising pou pitit ou a

- Ou ka chwazi nenpòt lokal lekòl ki disponib pou pitit ou a – se sèlman lokal ki gen plas ki rete k ap parèt sou aplikasyon an. Aplikasyon an pral gen ladan tou Òganizasyon kominotè (CBO) k ap travay avèk lokal sa a. Plas yo limite, donk nou ankouraje w pou enskri pi vit posib!
- Ou ka aplike yon fwa pou chak elèv, epi lè ou klike sou voye ale "(submit)," ou fin enskri. Tanpri tcheke repons ou yo yon lòt fwa avan w klike pou voye aplikasyon an ale.
- Si w gen yon lòt timoun, klike sou: Ajoute yon lòt elèv "(Add Another Student)" pou refè pwosesis la.

Aprè w fin enskri, w ap resevwa yon imèl ki konfime plas Summer Rising pitit ou a, ak yon lyen ki mennen nan yon fòm CBO w ap bezwen ranpli avan premye jou pwogram lan ap kòmanse a. Estaf pwogram CBO ou a pral kontakte w pou ede w ranpli ak kolekte fòm sa yo.

Ou gen kesyon? Ou bezwen sipò? Tanpri kontakte kowòdonatè paran ki nan lekòl ou a, rele 311, oswa voye yon imèl nan summer@schools.nyc.gov.

Nou pa ka tann pou nou wè w ete sa a!